

ABSTRAK

Annida Salsabila Aisyah. 2022. Sarupaning Tutuwuhan Lumut Kerak (*Lichenes*) di Wewengkon Cagar Alam Pananjung Pangandaran, Jawa Barat. Skripsi. Jurusan Pendidikan Biologi. Fakultas Pelatihan jeung Pendidikan Guru. Universitas Pasundan. Pangaping: (I) Dr. Yusuf Ibrahim, M.Pd.,M.P., Pangaping (II) Gurnita, S.Si.,M.P.

Tutuwuhan lumut kerak (*Lichenes*) nyaeta hasil tina simbiosis antara dua makhluk hirup anu beda jenis, siga alga biru hejo (*Cyanobacteria*) jeung jamur. Tipe talus lumut kerak kabagi jadi *Crustose*, *Foliose*, *Fruticose*, jeung *Squamulose*. Panilitian ieu tujuana nyaeta pikeun mikanyaho rupa-rupa tutuwuhan lumut kerak di wewengkon Cagar Alam Pananjung Pangandaran, Jawa Barat. Metode deskriptif kualitatif digunakeun dina panalitian ieu, jeung desain panilitian anu digunakan nyaeta *Belt Transect*, nyandak sampelna ku cara jalajah ngagunakeun teknik *purposive sampling*. Hasil panilitian aya 235 lumut kerak tina 9 janis anu ka asup 5 famili nyaeta Arthoniaceae, Collemataceae, Bacidiaceae, Graphidaceae jeung Leprariaceae. Lumut kerak di lokasi panilitian aya dua tipe talus nyaeta *Crustose* jeung *Foliose*. Tipe talus anu pang lobana nyaeta tipe talus *Crustose* kabagi jadi *Cryptothecia striata*, *Bacidia sp*, *Bacidia schweinitzii*, *Dyplolabia afzelii*, *Graphis scripta*, *Graphis sp*, *Diorygma poitaei*, *Lepraria sp* jeung tipe talus anu pang saeutikna *Foliose* ukur hiji nyaeta *Collema subflaccidum*. Kaanekaragaman tutuwuhan lumut kerak anu aya di wewengkon Cagar Alam Pananjung Pangandaran, Jawa Barat kaasup sedeng hasil nilaina nyaeta $H' = 1,92$. Spesies lumut kerak anu mindeng kanyahoana nyaeta *Bacidia sp*, jadi spesies anu ngadominasi di lokasi panilitian, lobana 64 individu kalayan Indeks Nilai Pentingna nyaeta 44,475%.

Kecap konci : *Lichenes*, Pangandaran , Sarupaning, Tipe talus.